# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–01 मई 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु मुंबई के जिओ वर्ल्ड कन्वेंशन सेंटर में पहिला वर्ल्ड ऑडियो विजुअल एंटरटेनमेंट सम्मेलन–वेव्स क उद्घाटन कइलें। ये मौका पर प्रधानमंत्री कहलें कि ई वैश्विक मंच हौ जवन कलाकारन अउर रचनाकारन के नया विचारन के बढ़ावा देई। वेव्स बजारि पहल क सराहना करत प्रधानमंत्री कहलें कि ई नवोन्मेषकन अउर रचनाकारन के प्रेरित करी।

**सौ से अधिक देशों के आर्टिस्ट, इन्वेटर्स, इन्वेस्टर्स और पॉलिसी मेकर एक साथ, एक ही छत के नीचे एकत्र आए हैं। वेव्स ये सिर्फ एक्रोनियम नहीं, ये वाकई एक वेव है, कल्चर की, क्रिएटिविटी की, यूनिवर्सल कनेक्ट की।**

प्रधानमंत्री मोदी कहलें कि वेव्स सम्मेलन मे भारत क रचनात्मक ताकति वैश्विक मंच पर उजागर होई। उहां के कहलीं कि ई भारत के ऐनिमेशन अउर ग्राफिक डिजाइन उद्योग बदे खुद के वैश्विक मंच पर स्थापित कइले क खास मौका हौ।

**आज भारत फिल्म प्रोडक्शन, डिजिटल कंटेंट, गेमिंग, फैशन और म्यूजिक का ग्लोबल हब बन रहा है। लाइव कंसर्ट से जुड़ी इंडस्ट्री के लिए अनेक संभावनाएं हमारे सामने हैं। आज ग्लोबल एनिमेशन मॉर्किट का साइज फोर हंडरेंड एंड 30 बिलियन डॉलर से ज्यादा का है। अनुमान है कि अगले दस सालों में यह डबल हो सकता है।**

ऐह मौका पर सूचना अउर प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव कहले कि वेव्स सम्मेलन नया आरथिक मौका देई ई सम्मेलन रचनाकारन के वैश्विक मंच देई अउर नया प्रौद्योगिकी के बारे में जनले क मौका देई।

**********

उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़ आजु लखनऊ दौरे पर पहुंचलें। उहां के डॉ. एपीजे अब्दुल कलाम प्राविधिक विश्वविद्यालय में राज्यपाल आनंदी बेन पटेल के संघर्ष अउर प्रेरणादायक जिनगी पर आधारित किताब 'चुनौतियां मुझे पसंद हैं' क विमोचन विमोचन कइलें।

उपराष्ट्रपति कार्यक्रम के सम्बोधित करत कहले कि ई किताब आनंदीबेन पटेल के बारे में नाही, बलुक एगो प्रेरणा स्रोत हौ। ई मेहरारून के उत्थान, मेहरारून क मुक्ति अउर मेहरारून क ससक्तिकरण बदे मूल सामग्री हवे। उहां के राज्यपाल आनंदीबेन पटेल के किताब लिखे खातिर बधाई दिहलीं।

येह मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ, राज्यपाल अउर उनकरे किताब के बारे में कहलें कि गुजरात के एगो छोटहन गांव से निकरि के देस के सबसे बड़हन राज्य क राज्यपाल बनले तक ले क जतरा असान नाही रहल। ई किताब बतावे ले कि जब कोई महिला सामाजिक बंधन, संसाधनन क कमी अउर परिस्थितियन के चुनौतियन के बावजूदों दृढ़ संकल्प के साथे आगे बढ़े ली। त ऊ समाज खातिर एगो प्रेरणा बन जालिन।

कार्यक्रम मे उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य अउर बृजेश पाठक के लेके प्रदेस सरकार क कई गो मंत्रीगण अउर खास लोगि मौजूद रहलें।

**********

बस्ती जिला में आजु एक राष्ट्र एक चुनाव विषय पर समागम संगोष्ठी क आयोजन कइल गइल। येह मौका पर प्रदेस सरकार क मंत्री सूर्य प्रताप शाही कहलें कि एक राष्ट्र, एक चुनाव के मुद्दे पर बावन गो राजनीतिक दलन से बात कइल गइल। येह में से बयालिस दल ऐकर समर्थन कइलें हवें। उहां के कहलें कि जो त देस में एक साथे चुनाव करावल जाए त करीब साढ़े चारि लाख करोड़ रूपिया क बचत हो सकेला। ई देस के जीडीपी क डेढ़ फीसदी हौ।

**********

बनारस जिला में नब्बे स्मार्ट क्लास अउर छानवे आईसीटी लैब बनावल जाई। ऐकरे जरिया से परिषदीय विद्यालय में सिक्षा के क्षेत्र में डिजिटल हस्तक्षेप कइल जा रहल हवे। प्रदेस के समग्र शिक्षा विभाग के राज्य परियोजना कार्यालय की ओरि से ऐकर स्थापना सज्जो प्राथमिक अउर उच्च प्राथमिक विद्यालयन में कइल जा रहल हौ।

**********

पूर्वी उत्तर प्रदेस के गोरखपुर, संतकबीरनगर, बस्ती अउर बलिया समेत कई जिलन में कुछु जगहिन पर आजु दिन में हलुकाहे से लेके तेज बरखा के साथे ओला गिरल। थोड़ी देर बादे बरखा रूकि गइल अउर दिन में घाम निकरल, हालांकि बरखा के नाते तेज धूप अउर गरमी से राहत मिलल हौ। बस्ती जिला में आकासीय बिजुरी गिरले से खेत में काम कई रहल पति–पत्नी क मउति हो गइल। बलिया में हलुकाहे बरखा भइल। मौसम विज्ञान विभाग बिहने से तीन मई ले पूर्बी उत्तर प्रदेस के साथे साथे पश्चिमी उत्तर प्रदेस में कुछु जगहिन पर गरज चमक के साथ बरखा भइले, बूंदा बांदी पड़ले अउर तेज सतही हवा चलले क आगम जतवले हवे।

**********

आजु विश्व श्रमिक दिवस मनाया जा रहल हवे। श्रमिक आंदोलन अउर कई गो देसन के अर्थव्यवस्था में कामगारन के जोगदान के रेखाकिंत करे बदे हर साल पहिली मई के श्रम दिवस मनावल जाला। गृह मंत्री अमित शाह अउर प्रदेश के मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ ये मौका पर कामगारन के बधाई दिहले हवे। अमरोहा, महोबा अउर इटावा के लेके प्रदेस के कई गो जिलन में श्रमिक दिवस पर तरह तरह क आयोजनों कइल गइल।

**********